

Poukisa nou envesti nan Columbia Road?

Istwa

Kominote ki nan Columbia Road diferan kiltirèlman, epi yo reprezante plizyè lang, eksperyans ak istwa. Tout bagay te kòmanse nan lane 1600 lè yo te konstwi Dorchester North Burying Ground. Zòn nan vin devlope pou l vin tounen yon gwo sant komèsyal. Columbia Road te vin elaji nan lane 1897 pou li vin “youn nan pi gwo ri prensipal nan pati vil sa a,” nan lespwa pou li vini yon koneksyon a twa vwa ant Moakley Park ak Franklin Park. Gen yon liy charyo ki te konstwi annapre epi ki te pase nan sant la. Nan lane 1920, Uphams Corner te

devlope pou li vini yon gwo distri pou biznis. Cifrino Market se te premye sipèmakèt kote moun kapab kanpe achte nan nasyon an. The Strand Theater pa t sèlman premye sinema ki te konstwi nan Boston, men li se sant kilti Afriken-Ameriken Bostonyen. Diskriminasyon ki te legalize nan kesyon lojman nan mitan ane 1900 te mennen ak segregasyon rasyal epi deranje fanmi yo. Nan lane 1960 yo te retire liy charyo yo pou ranplase yo ak liy machin. Sa ki te mennen ak trafik a gwo vitès, kondisyon danjere pou pyeton ak pèt espas vèt nou wè jodi a.





Columbia Road de (2) fwa pi long pase Newbury Street men li gen apeprè menm kantite pyeton yo. Epitou, li pran anpil tan pou siy “mache” a parèt. Kantite moun k ap travèse ki fèb la ak pakèt tan pou siyal mache a parèt fè wout la vin pi danjere. Columbia Road nan lis ri ki gen “anpil aksidan.” Sa vle di li nan lis ri ki gen pi gwo kantite aksidan pa ane.



Lonbraj ki soti nan pyebwa Columbia Road varye, sepandan kantite pyebwa a ap diminye lè w ap vin pi pre Upham’s Corner ak Moakley Park. An reyelite, prèske pa gen pyebwa nan ri ki ant Elder Street ak Holden Street ak ant Buttonwood Street ak Dorchester Avenue.



Pandan mwa ete a, espas pyeton ak ri ki nan Columbia Road kapab atenn jiska 125 degre F (50 degre C). Pou nou kapab kreye yon plas piblik ki san danje epi ki konfòtab pou moun kapab wè vwazen, vizite boutik ak retoran epi kanpe tann bis, lonbraj la enpòtan. Chalè se premye menas pou sante moun nan kesyon chanjman klimatik la.



Gen gwo tanpèt ki inonde ri ki toupre Columbia Road avèk dlo, espesyalman Quincy ak Ceylon Streets.



Plis pase 6000 moun ap monte bis #16 la chak jou. Bis yo pwograme pou yo pase chak 12 minit, men yo souvan gen reta akòz trafik la. Moun k ap monte bis yo souvan gen pou tann 30 minit oswa plis, ant bis yo.



Gen plis pase 13000 fwaye ak fanmi ap viv nan yon distans kote yo kapab mache nan Columbia road ak plis pase 60 biznis ap fonksyone nan aks la. Objektif la se pou kenbe Columbia Road disponib pou fanmi ak biznis yo.

Kontakte Nou

columbiaroad@boston.gov
(617) 635-1705
boston.gov/columbia-road
Photos: Jaypix Belmer

